



Office of School Health

**Department of Health
& Mental Hygiene**

Oxiris Barbot, MD
Commissioner

**Department of
Education**

Richard A. Carranza
Chancellor

Oktòb 2019

Chè fanmi,

Sezon ivè pral rive nan yon ti tan, ansanm ak sezon grip la (flu) Influenza, oswa grip, se yon maladi respiratwa ki ka simaye fasil. Pandan plizyè moun malad pou kèk jou epi yo fè mye, kèk lòt tonbe malad pi grav, menm sa ki pa te malad yo vin pran grip la.

Vaksen se pi bon mwayen pou pwoteje pitit ou kont grip. Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk rekòmande tout moun depi laj 6 zan ak sa ki pi aje pou pran vaksen kont grip. Depatman Edikasyon Vil Nouyòk rekòmande pou chak elèv pran vaksen. Vaksinen pitit ou an kont grip redui risk pou yo vini malad. Si pitit ou an pran vaksen kont grip la men toujou rete malad, li pwobab pou maladi li an pral mwen grav.

Gen anpil fason pou bay timoun ou an vaksen kont flu. Ou ka:

- Mande pwofesyonèl swen sante pitit ou an enfòmasyon konsènan vaksen kont grip la.
- Bay konsantman pou pitit ou an pran vaksen kont grip la nan Sant Sante ki baze nan Lekòl la.
- Vizite yon famasi. Famasyen ka kounye a vaksinen timoun laj 2 zan ak pi aje. Tyeke famasyen nan famasi ki nan zòn lakay ou an pou wè si yo bay timoun vaksen, ak a ki laj. Famasi yo ofri sèvis san randevou, ak sèvis nan aswè ak wikenn.

Pou jwenn yon klinik oswa famasi, vizite nyc.gov/health/map, oswa rele 311 oswa tèks "flu" nan 877877.

Si w gen nenpòt kesyon oswa si w bezwen plis enfòmasyon, pale avèk doktè w oswa rele 311.

Avèk senserite,

Direktè